

# SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

## Remèsiman

Sosyete Koukouy pwofite fenisman ane a, kote nou fèmen aktivite nou yo ofisyèlman pou nou voye yon grap remèsiman pou tout moun ki te kolabore avèk nou nan divès espas piblikasyon nou yo : Revi Literè Sosyete Koukouy : Pawòl Kreyòl, Paj Kreyòl la nan Haïti En Marche, epi Enfo-Lèt Sosyete Koukouy nan Kanada. Se gras ak kolaborasyon divès moun sa yo piblikasyon nou yo rive jwenn bon jan jèvrin pou yo kontinye eklere Ayisyen ki ap viv toupato epi ki toujou epi ki toujou pran yon tan pou yo li piblikasyon nou yo.

Nou ap voye remèsiman pou Haïti En Marche, Sant N A Rive, KEPKAA, CHAIS-Ressource-Famille epi Maison des Jeunes L'Ouverture. Se avèk sipò tout kalite ki soti anndan divès enstitisyon sa yo nou rive kanpe dyanm pou nou sèvi kominote ayisyen an nan Monreyal epi divès lòt vil, kote Sosyete Koukouy genyen branch li yo.

## ANTOLOJI KRITIK SOU PWEZI KREYÒL AYISYEN AVÈK SOSYETE KOUKOUY KANADA HENRI-ROBERT DURANDISSE MANM SOSYETE KOUKOUY KANADA

**Yon omaj vivan pou literati kreyòl ayisyen an:** Sosyete Koukouy Kanada ap bay pwezi kreyòl ayisyen an jarèt anndan antoloji kritik inik sila a. Travay sa a se plis pase yon koleksyon powèm. Se yon omaj vivan pou literati kreyòl la, yon bèl eksplorasyon, ki mennen nou byen pwofon nan santiman, valè epi batay ki defini lespri ayisyen an. Pou li reyisi pwojè sa a, Sosyete Koukouy Kanada itilize travay powèt yo ak pwezi manm òganizasyon an ki ap viv toupato. Sepandan, anndan antoloji sila a genyen yon plas espesyal pou lòt kreyatè ki kontribye pou bay pwezi kreyòl la tout bèlte li genyen jounen jodi a.

**Yon misyon ki chita sou ekselans:** Depi plis pase 40 lane, Sosyete Koukouy Kanada ap mennen batay pou li ranfòse lang kreyòl, kilti ayisyen ak literati ayisyen. Angajman sila yo jwenn rekonesans yo nan nivo lokal ak entènasyonal. Pwojè antoloji sa a rantrè dwat nan misyon sa a. Objektif li se bay pwezi kreyòl la plas li merite. Antoloji sa a ap pwouve, kreyòl pa sèlman yon lang kominikasyon, men li se yon lang ki gen kapasite pou li kreye chelèn ak pawòl nou yo, refleksyon entelektiyèl epi zèv ki ka touche lemnon antye.

**Yon edisyon ki depase koleksyon powèm:** Antoloji sa a pa yon sèp koleksyon powèm. Li ap gen ladann analiz kritik, prezantasyon powèm yo nan yon kad inivèsèl ki rive jwenn tout kalite moun. Powèm yo rantrè anndan liv la ak yon lespri kritik ki angaje lektè yo, mennen yo pi lwen pase yon sèp lekti. Chak analiz gen potansyèl pou li dechifre, kòmante, epi mete powèm lan nan kad pi laj pase kèsote lavi nou kòm moun, kòm pèp.

**Poukisa Antoloji sa a enpòtan? Revalorizasyon Lang Kreyòl la:** Sa fè twò lontan, lang kreyòl la te rete neglije tankou li pa te enpòtan. Antoloji sa a ap mete aksan sou potansyèl kreyòl la nan literati. Se pa sèlman yon lang oral, se yon lang ki gen pouvwa literè ak entelektiyèl. Chak powèm nan antoloji sa a se yon prèv vivan, kreyòl ka kanpe menm kote ak tout lòt lang ki ap tire felatifikasyon avèk atifis literè ekriyen kreyòl ayisyen yo tankou sa fèt toupato nan monn literè a.

**Yon zouti pedagogik san parèy:** Antoloji sa a pral yon zouti pedagogik enpòtan pou etidyan, pwofesè ak chèchè. Avèk analiz kritik, eksplikasyon lengwistik epi klarifikasyon kontèks istorik, antoloji a pral sèvi tankou yon gid itil, yon referans pou etid ak ansèyman pwezi kreyòl nan lekòl, inivèsite ak sant rechèch.

**Yon espas pou powèt kreyòl yo:** Antoloji a pral mete limyè sou gwo powèt tankou Félix Morisseau-Leroy, Manno Ejèn, Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn) ansanm ak anpil lòt ekriyen ki kontribye nan devlopman pwezi kreyòl ayisyen an. Men sa pa fini la. Lektè yo pral genyen opòtinite pou yo apresye vwa jèn powèt ki ap parèt yo apati glas antoloji sila ki ap bay plas yo merite epi ki revyen yo dedwa, paske yo reprezante larelev, ki pral kite mak yo epi mete siyati yo nan istwa pwezi kreyòl tèt Ayiti a.

**Yon fenèt ouvè sou lespri ayisyen:** Pwezi kreyòl ayisyen se glas ki reflète tout dimansyon lavi pèp ayisyen an. Antoloji sa a pral mete limyè sou plizyè sijè tankou rezilyans, libète, memwa, kilti, idantite, lanmou ak emansipasyon. Se tèm sa yo ki prèske toujou prezan nan lavi chak Ayisyen.

**Poukisa nou envite ou nan pwojè Sa a? Pou ou soutni Lang Kreyòl la:** Patisipe nan pwojè sa a se plis pase achte yon liv. Se patisipe nan yon batay pou nou mete kreyòl, kote li te dwe deja rive. Kreyòl se yon zouti ki bati idantite nèg kreyòl la. Li se fondasyon kilti nou. Antoloji sa a ap ranfòse pozisyon lang lan nan espas panse dinamik avèk yon rèv san limit.

**Rann aksesib zèv ki ra epi inedi:** Gen powèm ki nan antoloji a ki difisil pou nou jwenn nan toupato. Gen zèv ki te disparèt, ki pa pibliye, oubyen ki poko parèt nan rezo dijital yo. Antoloji sa a ofri yon platfòm, kote tout moun ap kapab kente nan mitan yon pwojè ki pèmèt yo fè dekabès, paske zèv inedi powèt nou yo pral banbile nan mitan zèv anpil nan nou deja konnen.

**Yon lekti kritik ak analitik:** Antoloji sa a pa jis yon koleksyon powèm. Se yon zouti refleksyon kote analiz ak komantè pouse lektè yo reflechi pi lwen. Li pouse moun ale pi fon nan konpreyansyon tèm yo, imaj yo ak senbolis powèm yo.

**Konklizyon** Sosyete Koukouy Kanada ap prepare

yon revolisyon nan literati ayisyen. Antoloji kritik sou pwezi kreyòl ayisyen sa a pral non sèlman yon zouti ki montre bèlte pwezi kreyòl la, men tou li ap yon zouti pratik pou etid, ansèyman ak rechèch. Antoloji a ap tounen yon referans kle nan etid literati ayisyen an. Lè nou genyen antoloji sa a nan men nou, se pa pe yon sèp liv nou fin achte epi mete nan bibliyotèk nou. Akizisyon antoloji sa a prale pi lwen pase yon dekorasyon pou bibliyotèk nou. Lè nou va achte antoloji sa a, nou ap kontribye nan revolisyon literè Sosyete Koukouy nan Kanada amòse avèk zèv divès ekriyen ki se manm Sosyete Koukouy, ansanm avèk kèk ekriyen ki eskanpe pwezi kreyòl Ayiti a avèk talan atistik yo kòm ekriyen. Antoloji sa a genyen potansyèl pou li re-ekri istwa literè peyi nou an sou plan powetik. Li pral selebre kreyativite ak lanmou san fen pou lang kreyòl la.

## POU FÈT NWÈL LA REJWENN VRÈ SANS LI AK RUBENN BERNARD

### ETIDYAN NAN FAKILTE LENGWISTIK APLIKE

Selon kilti, tradisyon ak koutim yon pèp, yo kapab wè nwèl la nan diferan fason. Nan kèk ka, nwèl la se kapab yon okazyon pou pèp sa a pote solidarite yo bay lòt moun, pou li familiarize avèk vwazen li yo, pou li demontre pwòp valè pa li yo. Pi plis toujou, se kapab yon fason pou li reflechi sou idantite li, antre an pwofondè nan rasin moun li ye a, elatriye.

Nan ka pa nou an Ayiti, nwèl la pa sèlman sa nou sot site la yo, men tou se yon kokennchenn okazyon pou nou selebre lanmou, pou nou pataje, epi reviv bon souvni nou yo. Nwèl la pou nou an Ayiti se bote, se rekonsilyasyon yonn ak lòt, se fete ansanm. Se yon peryòd ki te toujou byen chita nan tèt chak grenn Ayisyen. Yo te fè li vin tèm lan enpòtan pou yo, depi de oubyen twa mwa davans, pou nou pa di depi nan mwatye ane a, yo te konn kòmmanse ap fè preparasyon pou nwèl la. Sa ki ap reflechi sou fason yo pral jwenn lajan pou yo pase nwèl yo, sa ki ap panse sou fason yo pral abiye, sa ki ap panse sou sipriz yo pral fè lòt moun, sou kote yo pral pase nwèl yo, elatriye. Sou yon lòt bò, madanm ak mari ki ap fè pwojè pou kay yo, jèn gason ak jèn fi ki renmen ap panse sou fason yo pral fè kè mennaj yo kontan, elatriye.

Malerezman, dènye lane sa yo, nwèl la vin pa gen menm karakteristik sa yo, menm sans, enterè ak enpòtans pou Ayisyen anndan Ayiti tankou sa te konn ye avan. Rezon an se paske gen yon seri sityasyon tèt chaje nou ap konfwonte antanke pèp. Egzanp : mizè, soufrans, tanpèt ensekrite ki pa janm sispann vante avèk raj depi plizyè lane deja; fanmi ki ap deperi, fanmi ki ap dekapitalize, moun ki ap mouri pa pil, lavi timoun ki ap detwi, sèvo ki ap disparèt, sèvo k ap gaspiye. Mete sou sa, sant sosyal ak kiltirèl yo ki vin inaksesib pou moun frekante akòz predominans yon bann moun san fwa ni lwa ki ap menase lavi moun. Se tankou sa pa ase, genyen yon bann lòt zòn ak espas moun pa ka frekante, paske se bandi ki kontwole yo.

Pòtoprens menm, ki se kapital politik ak ekonomik peyi a ki konsidere kòm yon gwo pilye nan prensipal rejyon kote aktivite oubyen fèt nasyonal e tradisyonèl yo dewoule, vin tounen yon veritab lanfè. Sa vin poze gwo pwoblèm pou moun reyalize aktivite pandan peryòd fèt la.

Lè nou konsidere tout bagay sa yo nou sot mansyone pi wo a, nou kapab di Nwèl la an Ayiti, nan moman kounye a, se yon nwèl ki pa sanble ak nwèl. Men, kòm jan yo toujou di li: « Ayisyen se yon pèp ki gen rezistans ak kouraj. » Se yon pèp, malgre tray li ap pase, malgre mizè li, li pa janm dekouraje. Sa fè, gen kèk nan aktivite ki konn abitye fèt pandan peryòd nwèl la ki pa fin disparèt nèt.

Pa gen chanmmas, pa gen lavil, pa gen gwo plas piblik yo. Men kanmenm, kèk ti kwen nan kapital la eseye fè kèk bagay pou jou a pa pase kòm si se te yon jou konsa konsa. Nan vil pwovens yo, moun yo òganize yo nan fason yo kapab. Yo pataje souwè yo kanmenm. Men, fòk nou souliye se pa ditou menm bagay ak lontan.

Pou fèt nwèl la rive rejwenn vrè sans li, fòk nou rejwenn peyi nou an. Peyi, kote tout Ayisyen kapab viv nan lapè ak sekirite. Lè nou kapab retounen soti ale nan aktivite nou nan tout libète toupato nan peyi nou, se lè sa a, nou ap kontan selebre fèt nwèl la nan lajwa, pataj ak lanmou jan sa te konn fèt lontan.

Rubenn Bernard

Rubenn Bernard se moun Okay. Li se pwofesè lekòl. Prezantan, li ap anseye lang fransè nan dezyèm sik fondamantal. Li se an menm tan yon etidyan nan Fakiltè Lenguistik Aplike (FLA) anndan Inivèsite Leta Ayiti (ILA). rubennbernard02@gmail.com

## BIYÈ POU PAJ KREYÒL SOSYETE KOUKOUY

Paj Kreyòl Sosyete Koukouy nan Jounal Haïti en Marche la egziste depi plizyè ane kòm yon espas espesyal ki bay lang ak kilti kreyòl tout valè yo merite. Li se yon espas kote nou montre, kreyòl se plis pase yon mwayen pou nou kominike, men li se yon zam pou libere, yon sous fyète, epi yon pote mitan pou inite pèp Ayisyen an. Paj sa a ap chèche fè tout Ayisyen, kèlkeswa kote yo ye, retounen kole ak rasin kiltirèl yo pandan nou ap travay ansanm pou nou bati yon kominote ki chaje ak fòs epi respè pou eritaj nou.

Daprè oryantasyon nou chwazi, paj la ouvri pou tout moun.

Objektif paj la se sèvi kòm yon sous enspirasyon pou literati, edikasyon, ak kilti Ayisyen. Li bay yon espas pou lang kreyòl la grandi epi fleri. Paj la ankouraje patisipasyon

kolèktif, paske nou kwè chak Ayisyen gen yon mesaj enpòtan pou pou li pataje ak ayu. Nou swete moun kontribye ak atik refleksyon, analiz epi lide ki pral fè kreyòl la vin pi rich, pi vivan.

Paj la vize ankouraje moun li ak ekri an kreyòl. Li se yon platfòm pou tout aspè kilti nou fleri. Soti nan istwa nou yo, mizik, pwezi, rive nan refleksyon pwofon, kote nou chache montre richès eritaj Ayisyen an. Li se tou yon lyen pou tout Ayisyen nan dyaspora a, kote yo ka retounen kole ak rasin yo pandan yo ede avanse lang ak kilti kreyòl.

Nou envite tout lektè yo kontinye sipòte ak patisipe nan travay sa. Ansanm, nou ka fè lang kreyòl la vin pi fò, pi solid, ak pi fyè. Viv Kreyòl, Viv Ayiti!

## AYITI, PREMYE JANVYE RIVE, LEVE KANPE DYANM POU LESPWA BRIYE OTÈ : HENRI-ROBERT DURANDISSE POWÈT/EKRIYEN

Nan mitan soufrans ak dezòd, powèm sa a pote yon mesaj lespwa ki montre gen yon limyè ki ka briye, si nou mete ansanm pou nou fè konbit pou rekonstriksyon peyi Jean-Jacques Dessalines nan.

Mwen leve vwa mwen ak tout fòs mwen, Kont yon reyalyte ki menase kraze kè mwen, Yon reyalyte ki fè tout Ayisyen tounen bèbè, Pandan peyi a ap tonbe pi ba chak jou. Ayiti, peyi vanyan ki te leve flanbo libète, Kont tout opresyon nan monn lan an 1804, Koulye a li tounen yon tè tranpe nan dezòd, Koripsyon, laperèz, ak trayizon, Kòm yon paradì pou vanjans. Peyi sa a te yon egzant fyète, Men jodi a li vin tounen yon doule san limit, Lari yo plen ak moun ki kraze, Soufrans ak lamou nan je yoDèyè yon demen miyò.

Fanmi ap chèche manje, Timoun ap grandi san edikasyon. Jèn gason ak fanm ap kite peyi a, Ale lwen, nan fon lanmè, San yo pa jwenn yon lòt bò dlo. Gang yo ap gouvènè, Politisyen yo se mèsenè raketè. Kòm peyi Ayiti fè rive nan sa? Kiyès ki pral reponn pou san inosan ki koule? Kiyès ki ap defann timoun sa yo, ki ap kriye san sekou?

Nan silans sa a, ki pi loup pase tout bri, Mwen chèche repons, Men anyen pa klè nan tribilasyon sa a. Fòs peyi a sòti nan sakrifis zansèt yo Ki pa t janm bliye, malgre lanmò, Malgre yo pèdi lavi yo, Fòs sa a ap toujou mache avè n.

Gang pa ka kontinye ap fè lalwa nan peyi nou, Nou bezwen yon sistèm sekirite ki sèvi pèp la San patipri, san okenn moun k ap abize pouvwa. Fòk zam ilegal disparèt, Fòk jistis aplike san laperèz, san patipri. Bandi yo ak konplis yo dwe peye pou zak yo. Nou bezwen yon sistèm ki pwoteje tout sitwayen, Ki pèmèt tout moun jwenn sa yo merite.

San edikasyon, yon pèp fini anvan li kòmmanse. Nou dwe mete liv nan men timoun nou yo, Fòme pwofesè yo ak zouti nesèsè, Pou yo ka fè travay yo avèk entèlijans ak lanmou. Lekòl dwe gratis, aksesib nan chak kominote, Nan mòn yo, nan plenn yo, nan chak ti kwen. Fòk edikasyon anrasinen nan kilti nou,

Pou jèn yo konnen kote yo soti, Pou yo ka bati avni yo avèk konfyans. Pa gen avni san yon jenerasyon Ki konprann valè edikasyon. Nou bezwen dirijan ki gen vizyon, ki pote kanson yo, Ki travay pou peyi a, pa pou tèt yo. Koripsyon dwe elimine san pitye, Chak fwa yon goud ki depanse nou dwe rann kont.

Nou pa ka kite politisyen fè lalwa Sou baz fanmi oswa zanmitay. Nou bezwen moun ki gen kapasite, Ki gen vizyon onètete, ki ka fè peyi a mache Sou chemen devlopman responsab. Dirijan sa yo dwe pwouve volonte yo Pou byennèt kolèktif.

Dyaspora Ayisyen an gen resous ak konesans. Li bezwen estrikti ki klè, san koripsyon, Pou li investè nan rebati peyi a. Dyaspora a dwe tounen yon pon Ki konekte Ayiti ak opòtinite mondyal yo, Pou kreye pwojè devlopman ki fè diferans. Li pa ka ekziste sèlman voye lajan, Men li dwe patisipe nan rekonstriksyon peyi an.

Nou bezwen bati yon rezo Pou dyaspora a vin yon alye kle nan rebati peyi a. Ayiti pa ka rive jwenn avni li Si tout Ayisyen pa mete men Nan konbit rekonstriksyon an. Divizyon politik ak sosyal dwe sispann. Nou dwe bay jenès peyi a fòmasyon ak posiblite, Pou yo ka vin aktè prensipal nan rebati peyi a. Ayisyen dwe mete tout fòs yo ansanm, Anndan kòm deyò, pou travay pou renesans Ayiti.